***O'ZBEKISTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA'M ORTA BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI***

***Berdaq atindag'i Qaraqalpaq Ma'mleketlik Universiteti***

***Filologiya* fakulteti**

***Jurnalistika* kafedrasi**

***Jurnalistika tariyxi pa'ninen***

# *R E F E R A T*

***Tema: Abdulla Avloniydin'***
***"Jurnalistika do'retiwshilik xizmeti".***

***Orinlag'an: Azizov. B.***

***Qabillag'an: Bekbawliev. D.***

***No'kis-2015***

*Tema: Abdulla Avloniydin' jurnalistikadig'i do'retiwshilik xizmeti.*

*Joba:*

1. *Kirisiw.*
2. *Tiykarg'i bo'lim.*

   a) *O'miri ha'm do'retiwshiligi.*

   b) *Publitsistlik maqalalari ha'm o'zine ta'n o'zgeshelikleri haqqinda.*

3. *Juwmaqlawshi bo'lim.*
4. *Paydalang'an a'debiyatlar:*

Iri pedagok, belgili jaratiwshi, kem ushirasatig'in jaziwshi, publist ha'm muxarrir Abdulla Avloniy XX a'sir birinshi yariminda O'zbekistan 1924-jilg'a shekem Tu'rkistan) ekonomikaliq ma'deniy o'mirinde sezilerli rol oynag'an ulli tulg'alardan ibarat. Ol 1878-jildin' 12-iyulinda Tashkenttin' *Mergancha* ma'ha'llesinde du'nyag'a kelgen. A'kesi o'nerment Miravlonboy balasi 7 jasqa kirgen son' Oqshidag'i Akromxon mug'allim mektebine beredi. 1890-jili bolsa Abdulla sol ma'ha'lledegi medresege qabil qilinadi. Shayxantoxirdag'i Abdumalikboy medresesinde bilim aladi. Tirishilikke baylanisli qis aylarinda oqip basqa waqitlarinda qurilis penen shug'illanadi. Medresede oqig'an jillarinda a'debiyatqa qizig'adi. Na'tiyjede o'zinde de qosiq jaziwg'a qizig'iwshiliq sezgen. 1900-jilda oni Salamatxan degen qizg'a u'ylendiredi. So'l jili a'kesi qaytis bolg'annan son' tirishilik etiwge tuwra keledi. Biraq bilim aliwdan toqtamaydi. Abdulla Avloniy 1932-jili jazg'an o'mir bayaninda aytip o'tedi. Sol zamanlarda Rossiyanin' tu'rli qalalarinda shiqqan baspa – so'z gazeta jurnallar menen tanisip oqip mag'liwmatimdi arttira berdim. "Awdarma" (tarjimon) gazetasin oqip zamannan xabardar boldim. Sol zamanda sol jerdin' xaliqlari arasinda eskilik-jan'aliq ja'njeli baslandi. Gazeta oqiwshilardi mollalar "jadidshi" dep atar edi. Men de sol jadidshiler qatarina kirdim. 1904-jildan jadidler menen isley basladim. Jadid mektebin aship mug'allimlik qila basladim. A. Avloniy siyasiy sa'nesinin' o'siwinde XX a'sir baslarindag'i iri siyasiy ekanomikaliq waqiyalar a'hmiyetli orin tutti. Bul

haqqinda o’zi sonday gu’rrin’ qiladi. 1904-jili rus-yapon urisi baslanip, bizin’ de ko’zimiz ashildi. 1905-jildag’i Rossiyada baslang’an krizis tolqini bizge de zor ta’sir jasadi. Bizin’ shirketimiz (yag’niy jadidshiler) siyasiy jag’daylardi tu’sinip birinshi na’wbette qara xaliqti ag’artiw ha’m ko’zin ashiw ilajlarin ko’rdi. Bul maqsetke erisiw ushin gazeta shig’ariwdi mu’na’sip ko’rip sho’lkemnin’ ha’reketi menen o’zbek tilinde gazetalar shig’arildi. A. Avloniy en’ a’weli sheber pedagok ha’m jan’a usil mektebinin’ sho’lkemlestiriwshisini sipatinda tanildi, sonin’ menen birge 1909-1917-jillar aralig’inda onin’ “Birinshi mug’allim”, “Ekinshi mug’allim”, “Tu’rkiy gu’listan”, “Yaki a’dep”, “Mektep gu’listani” qusag’an sabaqliqlar ju’zege keldi. “A’debiyat ha’m milliy qosiqlar” kitabi basip shig’arildi. Bul shig’arma tiykarinan mektep oqiwshilarina arnap shig’arg’an edi. “Nashriyat”, “Mektep” qusag’an shirketlerdin’ ju’zege keliwin de ha’m Avloniydin’ xizmetleri u’lken. Bul shirketler sol jerdin’ jaslarg’a ma’deniyat tarqatiw ushin sho’lkemlestirilgen. Sonnan “Nashriyot” shirketinin’ maqseti Tu’rkistan u’lkesindegi musilman xalqi ortasinda uliwma Evropa ma’deniyati ha’m ma’rifatin gazetalar, jurnallar, kitaplar ha’m olardin’ sawg’asi arqali jayiw dep ko’rsetiledi. 1909-jilda Tashkentte Munawwar qari ta’repinen ashilg’an “Jamiyatga xayriya” nin’ is ju’ritiwinde ha’m Avloniydin’ xizmeti bar. Tashkentte “Turan” ja’miyetinin’ ju’zege keliwi onin’ qasindag’i teatr truppasinin’ du’ziliwi ha’m Avloniy ati menen tig’iz baylanisli. Ol aktyor sipatinda tu’rli rollerde sheberlik penen bayanat etken. A’yne sol

waqittta “Qotili Karima”, “Xiyonatkorlar oilasi”, “Xur-xur”, “Jaxolat”, “Uliklar”, “Uy tarbiyasining bir shakli” siyaqli saxna shig’armalrin tatar, azerbayjan tillerine awdarma qildi. O’zi de “Pinak”, “Advokatlik asonmi”, “Partugaliya inqilobi” qusag’an piesalar jazdi. Qullasi onin’ do’retiwshiligi ra’n’-ba’ren’ bolg’an. Pedagok Avloniy ta’rbiya ma’selesine ko’p itibar qaratqan ma’rifatparwarlardan sanaladi. Ol ta’rbiyag’a “… ya o’mir, ya o’lim, ya tirishilik, ya apatshiliq, opadarliq ma’selesidur”, dep qarag’an edi. Sol sebepli ol jaslardi o’z zamaninin’ mu’na’sip adamlari qilip ta’rbiyalawg’a bar ku’sh ha’m bilimin saripladi. Jas a’wladti ta’rbiyalawg’a arnalg’an shig’is oyshillarinin’ pikirleri menen bir qatarda: Sokrat, Aflatun kibi ja’ha’nge at taratqan anti da’wir oyshillarinin’ shig’armalarinan da paydalandi. Bul Avloniydin’ oylaw ta’rizi ken’ ko’lemge iye boliw menen birge, ilgeri su’rgen pikirleri, ideyalari uliwma insaniy o’zgeshelikke baylanisli bolg’annanda derek beredi. Onin’ qosiqlarinda ha’m ma’rifatparwarliq, watanparwarliq, milletpa’rwarliq ideyaliqlari alip shig’ildi. Abdulla Avloniy baspa so’zge o’zine ta’n tarizde kirip keldi. Ol *jurnalistlik* xizmetin “T.V.G.” kibi gazetalrg’a jaziwdan baslanadi. Tu’rkistanda milliy baspa so’z ju’zege kelgennen son’ aqil- zakowati menen mine usi tiptegi gazeta ha’m jurnallar xalqimizdin’ milliy ma’llerin haqiyqattanda qorg’aw kerekligin tu’sindi. 1907-jildin’ dekabirinde *“Shuxrat”* gazetasin du’zip redaktorliq qiladi eken, kerekli ta’jiriybe topladi. 1914-jili Munavvar qori ha’m Ubaydulla Asadullaxojaevlar baslamasi menen dun’ya ju’zin ko’rgen “Sadoi - Tu’rkistan” gazetasinda

Avloniydin’ publistik do’retiwshiligi joqarig’a ko’terile aldi. Ol usi gazetanin’ du’ziliwinde de xizmetin ayamag’an edi. “Sadoi-Tu’rkistan” da onin’ 17 dana qosig’i ha’m de 12 dan xabar ha’m maqalalari ja’ryalang’an. Gazetanin’ 1 saninda onin’ “Гасударственний dumada mal soyiw ma’selesi” atli maqalasi basiladi. Onda jaziliwinsha Rossiya ma’mleketlik dumasi yaxudiylerdin’ mal soyiwlari hawang’a azap beredi degen tu’sinikten kelip shig’ip ma’mlekette haywan soyiwdi jalg’iz nizam astina almaqshi boladi. Tayarlanip atirg’an nizam joybarina go’re, haywandi onin’ man’layina baltanin’ sirti menen uriw arqali yaki miltiqqa tutiw joli menen “soyiliw” mo’ljellengen. Avtor bunday soyiw musilmanshiliqqa, aniqrag’i, sha’riyatqa tuwri kelmesligi haqqinda piker ju’ritip, usi nizam joybarinin’ qabil etiliwine jol qoyip bolmaydi degen. Avloniydin’ haywandi soyiw ju’zesine bildirgen naraziliqlari, itimal, ha’zirgi adamlarg’a arzimastay tu’yiler. Biraq sol waqitta bul millet ar namisin, aniqrag’i, diniy ja’miyetti qorg’aw menen baylanisli a’hmiyetli ma’sele bolg’an. “Sadoi Tu’rkistan” nin’ 1914-jilg’i 1 ham 2 sanlarda Avloniydin’ “Indemes” degen laqab astinda “Teatr haqqinda pikirlesiw” diolog-maqalasi basilg’an. Oqimisli (molla) menen sawatsiz arasinda bolip o’tken soraw juwap arqali teatrdin’ sol waqitlarda ulamalardan ayrimlari aytqaninday-aq “haram” emes ba’lkim “hadal” ekenin da’liyller tiykarinda sipatin tabadi. Molla teatr haram dewshilerge qarata sonday naraziliq bildirdi: … teatr haram emes bidaat. Bidaat bolsada, “bidaattag’i hasana” (jaqsi, qayirli bidaat) “Biddaati saya” (jaman,

za’rerli bidaat) lerden emes. Teatr ha’r bir millettin’ jaman u’rip ha’m a’detlerin joq qiliw ushin shig’arilg’an u’lgixana, o’zinin’ awqalin du’zetiw ushin qaraytug’in aynasidur” Molla teatrdi sol ta’rizde qorg’ap g’ana qoymay, oni haram dewshilerdin’ o’zleri musilmanshiliqqa qarsi isler qilip atirg’anliqlarin ha’m o’zlerine aytadi. Usi diolog maqala teren’ mazmung’a, o’ine ta’n o’zgeshelikke iye bolg’an. Molla sawati bolmag’an sawatsizg’a millet ne ja’miyet ne, saxna shig’armalarin xaliqqa ko’rsetilip atirg’anlardin’ u’stinen anonim xat jaziwshilardin’ kimligi tuwrisinda aniq mag’liwmat ha’m tu’sinik beredi. Abdulla Avloniydin’ “Xifzli lison” (tildi asiran’) atli maqalasi ha’m milliy a’hmiyetke iye mazmung’a arnalg’an, yag’niy milliy tildi sap tutiw, oni ha’r qiyli varvarizmlerden asiraw haqqinda jazilg’an (gazetanin’ 13 sani) Maqalada ma’sele sol dawirdin’ en’ ulli en’ a’hmiyetli sotsiyalliq ha’diyseleri millet - milliylik u’stinde baradi. “Ha’r bir millettin’ du’nyada barlig’in ko’rsetetug’in aynai omiri til ha’m a’debiyatdur” dep jazadi ol. “Milliy tildi jog’altiw millettin’ ruwxin jog’altpaqdur” sol sebepli ha’r bir millet o’z ana tili ha’m a’debiyatin saqlawi qorg’awi lazim, Biraq biyparwaliqqa, tilge pisent etpeslikte, “tilimizdin’ yarimina arabiy” parsi tiller jag’anga’nlig’I kemlik qilip bir shetinen rus tilinde jabistirip atirmiz. Duris, bizlerge hu’kimetimiz on rus lisonina biliw omirimiz ushin kerekli na’rse esaplanadi. Biraq o’z jerinde o’z jerinde isletiw ha’m so’ylew lazim. Zig’ir mayi salip qilg’an mashabashi kibi qilip aralas –quaralas qiliw tildin’ ruwxin buzadur”

Maqalada avtor so’ylew ma’deniyati ha’m mug’dari haqqinda da pikir ju’riteti. Uliwma, maqala o’z da’wrinde u’lken ta’rbiyaliq a’hmiyetke iye bolg’an. Publitsistikanin’ *“Jaxolat*” (gazetanin’ 19 sani) *“Safoxat-balosi”* (25 san) *“Kayfim uchti”* (26 sani) *“Kim nimani yaxshi ko’rar”* (26 san) *“Feleton”* (tek rukin berilgen, ati joq. Professor B. Qosimov.

“O’z shaxrimga sayoxat” dep sha’rtli rawishte atag’an; (54 san) “O’z xabarshimizda” (57 san) temali xabar ha’m maqalalarda joqarida ko’rip o’tilgen tema atirapindag’i ma’seleler jaratilg’an. Solardan, “Jaxolat” da nadanliq oqimag’anliqtin’ nelerge alip keleiwi bayan etilgen. Avot aqililiq penen nadanliq, aqilsizliqtin’ parqin to’mendegishe tu’sindiredi. “Ilim ha’m ma’rifat iyeleri fazlu komollari soyasida har bir ishni tadqid va mushoxada ila qilurlar. Mol va hayot qadrini bilmagan va ko’rnamaklik qilgan buladur. Publisist Avloniydin’ o’z da’wirinde baspadan shiqpay qalg’an “Afg’on sayoxati” temasinda saparnamasi, aniqrag’I ku’ndelikleri onin’ sotsiyalliq ha’m siyasiy qaraslarin belgilewde, shorolar hakimiyatina bolg’an mu’nasebetin ayqinlastiriwda u’lken a’hmiyetke iye boldi. Ku’ndelikler 1919-jildin’ 15-iyuninde baslanip 18-noyabr sa’nesi waqiyasi menen tamamlang’an. Abdulla Avloniy Tu’rkistan Avtonom Respublikasi hakimiyatinin’ tapsirig’I menen 1919-jili RSFR sirtqi isler xaliq komissariyatinin’ wakili N. Z. Brovinge orinbasar tayarlanip, diplomatik jyuriy quraminda Afg’onistang’a barg’an. Mine sapar waqiyalari ku’ndelikten jay alg’an. Xarakterli jayi sonda avtor waqiyalardi qalis ha’m haqiyqaytliqda su’wretlegen. Ku’ndelikten tu’rli xaliq

ha’m qa’wimlerdin’ jasaw ta’rizleri, tipatlari u’rip a’detleri orin alg’an. Jyuriy ag’zalari basinan keshirgenleri olardin’ o’z ara jergilikli xaliq penen mu’nasebetleri qalis bayan qiling’an. Sol sebepli Avloniy Shorolar hakimiyati ornatilg’annan keyin ha’m shovinistlik ha’wiri baslimag’an rusiyzivon a’meldarlardin’ elede jergilikli xaliqqa qarata a’shkara bolmasada, mensinbewlik mu’na’sebeti bolip atirg’anlarin faktler menen aship taslag’an. G’ayri rus bolg’ani ushin Avloniy o’zine ha’m rus bolg’an bolsheviklerdin’ ha’r dayim isenimsizlik penen qarawlarin, mawriti keldi degenge shekem ar namisin jerge uriwg’a ha’reket qiliwlarin o’zlerin o’z aldina lawzimda tutiwg’a u’yrenip qalg’anin ko’rgende ol hayranshiliq penen “Ox insaniyatda, birdeylikte sotsiyalistlikte, millette ajiratpaytug’in internotsionalistler du’nya ju’zinde tabilar ma eken? Balkim bardur, tabilar, biraq denesi qustin’ su’tindey tabilmas ekenligin Afg’oniston saparina shiqqanda aniq bildim” dep jazg’an edi. Afg’onistonnan 1920-jili shaqirip alinadi. *1925-1930*-jillarda Orta Aziya komunistlik universitetinde, Orta Aziya Awil xojalig’i mektebinde, Orta Aziya Ma’mleketlik Universitetinde sabaq beredi. O’zbekistan ma’mleketlik baspasinda, resrpublika terminologiya komitetinde, ma’mleketlik ilimiy sovetinde ha’m tu’rli lawazimlarda islegen. Taniqli pedagok ha’m a’debiy jaziwshi Abdulla Avloniy 1930-jildin’ 25-avgustinde Tashkent qalasinda du’nyadan ko’z jumadi.

*JUWMAQLAW*

XIX - XX a’sirdin’ ortalirinda g’alaba xabar qurallari ha’m jurnalistika tarawinda alip barilg’an ag’artiwshiliq jumislari itibarg’a ilayiq. U’lken u’les qosqan ata-babalarimiz A. Avloniy, Maxmudxoja Behudiy, Ubaydullaxoja Asadullaxojaevlar esaplanadi. Bular jadidshilik ha’reketleri xaliqti sawatlandiriw salasinda ko’plegen kitaplar maqalalar do’retti. A. Avloniy teatrda jamanlag’anlarg’a qarsi turiwg’a ha’reket etken. Bul o’z nawbetinde O’zbekistan jurnalistikasinin’ rawjlaniwi ha’m qa’liplesiwine o’zinin’ u’lesin qosqan. Men bul referat jumisimdi jaziw barsinda O’zbekistan jurnalistikasi tariyxi ha’m A. Avloniydin’ xizmeti haqqindag’I bilimlerimdi elede teren’lestirdim.

*Paydalanilg’an a’debiyatlar.*

*N. Abduazizova “O’zbekistan jurnalistikasi tariyxi”*

*B. Dosqaraev “Jurnalistika ijtimoiy insitut sifatida”*